АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

«Ленин гъуэгу» газетым и литературно-художественнэ гуэдзэн ● 1990 гъэ, Апрелым и 26-м ● ЕплIанэ къыдэкIыгъуэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Къагъырмэс Борис

Сыт зэман укъыщежьар,
Адыгэ псалъэ?
Сыт хуэдиз лIэщIыгъуэ
Укъызыпхыкlар?
Лъэпкъым и псэ тIэкIур
Уэрт зэрылъри, пса-лъэ,

Уэ уисэути, ди псэр
Арщ щIыхэмыкlар.

Сыт бэлыхь птелъами,
Лъэпкъым и псэ, ди бзэ,
УатекIуащ куэдыщэу
Бийуэ уэ уиIам.
Уэ уисэууэ щытмэ,
Содэ хэкIми си псэр —
Къыпищэнщ къэхъу
щIэблэм

Сэ схужымыIам.

Схуэшэчынщ ухыгъэ
Нэхъ гугъу дыдэу щыIэр,
Уэ уи гъащIэ хъуну
СщIэмэ нэхъри кIыхь,
ИрекIуэд, хэт дыщми,
Iей къыпхужызыIэр!
Си псэр, си анэбзэ,
Уэ пхурехъу лъэгущIыхь.

●●●●●●●●●●●●●●●●

Тхылъыр. Тхылъеджэр

Бзэм и дахагъыр, беягъыр нэхъ IупщIу щыплъагъур художественнэ литературэрщ. Апхуэдэщ адыгэбзэри. ФедаIуэт ЩоджэнцIыкIу Алий и усэхэм я макъ жьгъырум, КIыщокъуэ Алим и романхэм я бзэр ди зы тхакIуэ ейми хэгъуэщэнукъым. Ардыдэр хужыпIэ хъунущ Шортэн Аскэрбий, Теунэ Хьэчим сымэ я тхыгъэхэм яIурылъ бзэм. АтIэ, ди анэдэлъхубзэм и Iэфlыр щIэблэ къэхъум яIурылъхьэн, зы зэман, щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ ар Iэщlыб зыщIам къедгъэщтэжын щхьэкIэ, псом япэу сабийр зыщIэпIыкIын хуейр литературэм, IуэрыIуатэм я бзэ дахащэрщ.

АтIэ апхуэдэ Iэмал яIэ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм? Дауи, куэдкIэ нэхъыфIат «яIэщ» жытIэну хуитынygъэ диIамэ. Ауэ диIэкъым. Абы и щхьэусыгъуэхэм мызэу теттхыхьащ ди газетыр, абы щытопсэлъыхь еджапIэхэм, «Адыгэ хасэм», зэIущIэ куэдым. Ауэ ноби Iуэхум зэхъуэкIыныгъэ лъэпкъ иIэкъым. Псом япэу абы и лъэныкъуэкIэ лъэпощхьэпо хъур тхылъ Iуэхур ди деж тэмэму зэрыщымыгъэуварщ.

Тхылъыр къыщIыдэкIыр цIыхурщ. Ауэ ар цIыхум деж нос жыпIэныр дзыхьщIыгъуэджэщ, и бжыгъэкIэ мащIэу дунейм къызэрытехьэм къыхэкIыу. Псалъэм и хьэтыркIэ, романыр минитI хъууэ къыдэкIауэ доцI. АтIэ республикэм ис адыгэ мин 363-м тегуашэт? ЦIыху мин 18 къэс зы тхылъ хуэзэу арац. МащIэ? МащIэ дыдэщ. ЖаIэнкIэ хъунщ куэду къыдэдгъэкIмэ ямыщэхуу. Абы арэзы техъуэгъуейщ. Тхылъыр ерыскъыхэкIкъым, зэкIуэкIыну е жьы хъуну, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIыр махуэ къэс къыщыдэмыкIкIэ, тхылъыр илъэскIи илъэситIкIи тыкуэным щIэлъкIэ ягъэ кIыну ди гугъэкъым (зи гугъу тщIыр ямыщэхуу къыщIэнэжахэркъым, атIэ щIэупщIэ зиIэ икIи ягъуэтын хуейхэрщ).

Ауэ къыдэкI тхылъ мащIэри адыгэ тхылъеджэ псом я деж щызэлъэщIыса хъуркъым. Мыбдежым мыхъумыщIагъэ нэхь иныр ар къуажэ, къалэ, еджапIэ библиотекэхэм зэрымыкIуэрщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэхэм я нэхъыбапIэм я библиотекэхэм щIэлъкъым адыгэ тхакIуэхэм я тхылъхэр, адыгэбзэкIэ къыдэкIауэ. ЩIэлъщ урысыбзэкIэ Налшыки Москваи къыщыдэкIахэр. Ауэ адыгэ тхылъ абыхэм ущIыщылъыхъуэн щыIэкъым. АтIэ дауэ щIэблэм анэдэлъхубзэм и дахагъыр, и къулеягъыр зэрызыхищIэнур и бзэкIэ тхылъ емыджэмэ? Зыдвгъэумысыж: адэ-анэ куэд тхылъ тыкуэным щэхуакIуэ кIуэркъым. Аращи, адыгэ унагъуэм адыгэ тхылъ илъкъым е илъыпэми — мащIэщ.

Илъэс зыкъомкIэ узэIэбэкIыжмэ, Iуэхур апхуэдэу щытакъым. Ди гугъэмкIэ, мыбыкIэ къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр цIыхухэм щIэныгъэ етыным и органхэмрэ тхылъхэр зыгуэш, зыщэ организацэхэмрэщ. И чэзу хъуащ мыбы унафэ тэмэм тращIыхьыну, Iуэхур ягъэзэкIуэжыну.

Иджы ягъэзэкIуэжыну нужь ихьэпауи дощIри, нобэкIэ цIыхухэр нэхъ зыщIэупщIэ тхылъхэр щыIэкъым. Сыт хуэдэ тхылъ ахэр? Адыгэ литературэм и классикхэм я произведенэхэрщ. Нобэ уэздыгъэ нэхукIэ улъыхъуами бгъуэтыжынукъым Щоджэнцlыкlу Алий, КIуащ БетIал сымэ я тхылъхэр.

Абы къыдэкIуэу жыIэн хуейщ автор языныкъуэхэм я тхылъ куэд къыщIэнэжауэ тыкуэнхэм зэрыщIэлъыр. Ари мыхъумыщIагъэщ—цIыхум зыхуейр игъуэтыркъым, зыхуэмейм тхылъ тедзапIэм и ахъшэри, тхылъымпIэ зэпэубыдари токIуадэ.

Тхылъыр цIыхубэ тхыдэм къигъэщIа хъугъуэфIыгъуэ нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ, лIакъуэхэр зэрызэрыщIэ, зэрызэпсалъэ Iэмэпсымэщ, щIэныгъэм и хэкIыпIэщ. Ар къэлъытауэ тхылъыр къыдэзыгъэкIхэри, зыщэхэри, абыкIэ езыгъаджэхэри зэщIыгъуу елэжьын хуейщ тхылъымрэ тхылъеджэмрэ зэрызэрыгъуэтыным.

●●●●●●●●●●●●●●●●

Адэ хэкур

АДЭ ХЭКУР ФIЫУЭ ЛЪАГЪУНЫМ ТЕУХУА АДЫГЭ ПСАЛЪЭЖЬХЭР

- Бланэ щалъху йокIуэлIэж.
- Ди унэжь пхъэжь мафIэ.
- Урысрэ Бахъсэнрэ зымыбгынэр хэкум жылагъуэу къинэжынщ.
- Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэку сыщылIэ.
- Хамэр гъэшэраши унэр гъэшэрыуэ.
- Хьэндыркъуакъуэ пэт «сызыхэс псыр куэщэрэт» жеIэ.

НОБЭРЕЙ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ:

- ДИ ЖУРНАЛ ЗАКЪУЭР.
- ЛИТЕРАТУРЭМ И ТХЫДЭ.
- ДЫЗДЭВГЪЭIЭПЫКЪУ.
- ХЪЫБАР КIЭЩIХЭМ Я ДАПХЪЭ.
- ПАРОДИЕХЭР.

● Псалъэмакъым пыдощэ

«ФИ ФIЭЩ МЫХЪУМЭ, ФЕПЛЪ...»

А псалъэщхьэр иIэу «Адыгэ псалъэм» и ещанэ къыдэкIыгъуэм гетащ Токъуий Хъусен и тхыгъэ. Ар теухуат ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и Iуэху зытетым. Тхыгъэм письмо зыкъом кърикIуащ, абыхэм ящыщ тIу нобэ тыдодзэ.

* * *

«Адыгэ псалъэм» дыкъыщеджащ РСФСР-м и цIыхубэ артист Токъуий Хъусен и тхыгъэм. Сыкъеджэну сыхуейт РСФСР-м и цIыхубэ артистхэу ДыщэкI КIунэ, ТIыхъужь Алий сымэ я статьяхэми. Сыкъеджэну сыхуейт нэхъ артист щIалэхэми жаIэм, ди театрым теухуауэ.

Ди театрым игъэува спектаклхэм сэ 1947 гъэ лъандэрэ соплъ, адэкIи сеплъынущ. Хэт нэхърэ нэхъыфIуи театрым и режиссерхэмрэ артистхэмрэ нэхъыфIу ящIэу къыщIэкIынщ сыт я гум къеуэми, сыт хуэдэ щыщIэныгъэ яIэми, ауэ гъэщIэгъуэнракъэ, япэ къэсым утыкум кърелъафэ ди театрыр, ищIэми имыщIэми тохъушышыхь.

Хъусен жиIам дэ дыщыгъуазэщ, ауэ нэгъуэщIхэми жаIэм дыщевгъэдаIуэт «Адыгэ псалъэм» и напэхэм. Абыхэм я IуэхуфIхэм, лэжьыгъэфIхэм дрогушхуэ, я ныкъусаныгъэхэми дронэщхъей. Ди артистхэм яхулъэкIынущ нэхъ купщIэфI зиIэ спектаклхэр ягъэувынуи, джэгунуи. Къарун лъэкIыныгъи фиIэщ, вгъэув, девгъэплъ, дывгъэгуфIэ спектаклыщIэхэмкIэ.

КУМЫЩ М.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и адыгэ къуажэхэм дэсу си фIэщ хъункъым адыгэ театрыр дызэримыIэжыр-зигу къемыуэ. Сыт къэхъуар? Зауэ зэманми, зауэ нэужьми адыгэбзэкIэ спектакль щыIэнущ жаIэу хъыбарегъащIэ къраIулIамэ, зи лъэ вакъэ изылъхьэр клубым зэрыхьт, абы щымыгуфIыкI къэгъуэтыгъуейт. Е телевизоркIэ къатыну программэм къытехуамэ, а пщыхьэщхьэр къытхуэмыгъэсу дыпэплъэрт. Иджы сыт — къуажэ клуб щагъэлъэгъуэн Iуэху хэтыжхэкъым, зэзэмызэ телевизоркIэ къатми, и кIэм нэсу уеплъыфыркъым, адыгэбзэкIэ жаIэр урысыбзэкIэ тражыIыхьыжу, зыри къыбгурымыIуэу, е хамэ къэрал пьесэ гуэрым къытращIыкIа, зыри мыгурыIуэгъуэ зэшыгъуэ. и кIэм нэс узэмыплъыф гуэрщи. НтIэ адыгэм хабзэ, тхыди, хъыбари, зыри димыIэжу, псори япэм лэжьа актерхэм здахьауэ ара?

КъардэнгъущI З. и «КъанщобийрэГуащэгъагърэ» хуэдэ е «Къызбрун», «Къамботрэ Лацэрэ» хуэдэ ди тхыдэм зыри хэтыжкъэ? Хьэмэрэ Журт Б. птха «Щхьэм имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ» жыхуиIэ спектаклым хуэдэ ямытхыфу ара? А пьесэр нобэми цIыхум ягу илъщ. IутIыж Б. драматург гъуэзэджэу диIэти, щхьэ тIэкIу нэхъ гугъу зригъэхьыну хуэмейрэ?

Письмор нэзытхыр Урыху щыщ

БИТОКЪУ Бцивэщ.



Ди архивым къыхэтхыжащ

Шортэн Аскэрбий и цIэр игъащIэкIэ ди литературэми, искусствэми, тхыдэми къыхэнэнущ. ТхакIуэ Iэзэм и IэдакъэщIэкIщ тхылъиплI хъууэ къыдэкIа «Бгырысхэр» романыр, IуэрыIуатэм, тхыдэм теухуа тхыгъэ купщIафIэхэр.

Мы сурэтыр Шортэным 1978 гъэм и январь мазэм трахащ.

КIэщI дыдэу

- МахуитI ипэ «Кабардинка» къэрал ансамблыр Испанием кIуащ. Ди къэфакIуэ цIэрыIуэхэм Пальмэ-де-Мальоркэ хытIыгум щыIэ зыгъэпсэхуплIэхэм махуихкIэ зыкъыщагъэлъагъуэнущ.
- Адыгэ усакIуэ щIалитI я япэ тхылъхэр дунейм къытехьащ. Балэ Хьэзрэт-Алий къыдигъэкIа сборникым «Нур хуабэ» фIищащ. ПхытIыкI Юрэ сэбийхэм папщIэ итха тхылъым «Лъэтеувэщ»-зэреджэр.
- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Журналистхэм я союзым и президиумым унафэ дахэ къищтащ. Зи пенсиер мащIэ журналистхэм мазэ къэс ират ахъшэр тумэн 12-м нагъэсынущ.
- Иджыблагъэ Адыгейм щагъэлъэпIащ композитор Iэзэ, уэрэджыIакIуэ, пшынауэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист Тхьэбысым Умар илъэс 70 зэририкъуар. А гуфIэгъуэ пщыхьэщхьэм кърихьэлIащ къуэш Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шапсыгъым, Урысейм, Осетием, Дагъыстаным, Шэшэн-Ингушым я лIыкIуэхэр.

Уи бээкIэ къыдэкIыу зы журнал закъуэ нэхъ уимыIэ щыхъукIэ, а зы закъуэм хуэгъахъэмрэ къэхъулIэмрэ къэпщытэныр Iуэху тыншщIыкIукъым. Апхуэдэ журналщ ди «Iуащхьэмахуэр». Ар ТхакIуэхэм я союзым къыдигъэкI щхьэкIэ, литературэ Iуэхухэм нэмыщI и пщэ къыдохуэ культурэми, тхыдэми, щIэныгъэ Iуэхухэми, политикэми, экономикэми тепсэлъыхьыну. Журналым и гугъу щыпщIкIэ, а псоми зыгуэр хэпщIыкIын хуейщ.

Абы укъыфIэкIмэ, нэгъуэщI зы гугъуи щыIэщ. Зи культурэмрэ тхыбзэмрэ яузэщIа лъэпкъхэм я деж хабзэу щыващ, эстетикэрэ идеологиекIэ зэакъылэгъуу зэгухьэрэ зы журнал къызэрагъэпэщу. Абыхэм акъылэгъу къадэмыхъухэми щхьэхуэу нэгъуэщI къыдагъэкI. Апхуэдэурэ журнал зыбжанэ зэрыгъэхъуу. Дэ тхуэдэ лъэпкъ мащIэхэм яIэ хабзэр зы журналщ. А зым нэсухьрэ дуней еплъыкIэрэ эстетикэкIэ зэмыщхь псори жьиугъуеину пщэрылъ къыхуохъу. ИкIи «Iуащхьэмахуэм» уцытетхыхьым деж ар къыумылъытэу хъунукъым. Шэч хэлъкъым апхуэдэ «вакъэ зэв» ит редколлегием и Iуэхум нэхърэ ахэм я «хеящIэм» и Iуэхур зэрынэхъ тыншыр. ИтIанэми, зыщIым нэхърэ еплъыр нэхъ Iэзэщ щIыжаIар, си гугъэмкIэ. еплъым и жыIэми зы акъыл гуэр къыхэпхынкIэ хъунщ арагъэнщ. Сэри абыкIэ сигу згъэфIу мурад сщIащ блэкIа илъэсым ди журналым и Iуэху зэрыщытам сытепсэлъыхьурэ, ди япэкIэ нэхъ зэрефIэкIуэн лъагъуэ гуэрхэм сахуэплъэну.

Сэ сыкъыгъэгугъэркъым журналым и лэжьыгъэ псом къапэ щымыIэу сытепсэлъыхьыфынкIэ, ауэ зы кIапэ гуэр къэдгъэхъеймэ, хэт ищIэрэ, ар къежьапIэ хуэхъуу е си япэкIэ къезыгъэжьам и псалъэм гуэувэу, ди литературэ Iуэхухэр ефIэкIуэным зыгуэркIэ Iэпэгъу хуэхъуну сохъуапсэ.

Мы тхыгъэ мыиныр стхын щхьэкIэ сэ 1989 гъэм и мызакъуэу, абы ипэ ита илъэс вышыплIым я номер зыбжани щIэрыщIэу щIэспщытыкIыжащ.

Нэгъаби, абы и цыпэгъи, и цыпэгъэжи журналым и плъыфэкIи и купщIэкIи зэщхьу хэлъар зэмыщхьым нэхърэ нэхъыбэщ. Япэрауэ, ы лъэр быдэу ува ди тхакIуэхэм щIэуэ ятхыр нэхъыбитIкIэ щагъэунэхур «Iуащхьэмахуэрщ». Абы нэмыщIу, куэд лъандэрэ зэрыхабзэщи, тхакIуэ-усакIуэ нэхъ щIалэхэм рубрикэ щхьэхуэ яхухэхъуахэми зы Iыхьэ ялъос. АдэкIэ дауэ хъуми, зы республикэ псо дыщыхъукIэ, бзэрэ-лъыкIэ вэ тхуэдэ дыдэу шэрджэсхэри къыщыдгуэтыжкIэ, журнал езыхэм щамыIэкIэ, тхакIуэ ипщI зыбжанэм я зыхэзым юбилей имыIэу дауэ хъун — ахэми щхьэж «къыхуэгъэпкIым» елъытауэ, зы Iыхьэ ялъос: хэт нэхъыбэIуэу, хэт нэхъ машIэIуэу. КъимыдэкIэ, публицистикэрэ литературнэ критикэрэ щымыIэу хъурэ? Ари адрейхэм гуэлъхьэ. Литературэм и тхыдэм, и теорием, и нобэрей дунейм теухуа тхыгъэхэри зы Iыхьэ фI мэхъури, ахэм къагуоувэж IэщIагъэрэ щIэныгъэкIэ зи цIэр фIыкIэ Iуну выхуэфащэ лэжьакIуэфIхэм ятеухуа очеркхэр. КъинэмыщIу, щIэныгъэр бзэм хэзыпщэ журнал щхьэхуэ щыдимыIэкIэ, бзэм теухуауи, тхыдэм теухуауи, философием теухуауи зыгуэр къытумыдзэу дауэ хъуи — ари зы Iыхьэщи, абдежым журналыр из мэхъу, къэхъу-къащIэ хъыбар тIэкIу бжьэпатехуэу изогъэж къудейуэ арац. Арац илъэс куэд щIауэ зэрыщытыр.

Сыт хуэдизу а гъэпсыкIэр дигу ирамыхьами, зыгуэркIэ зэмылIэужьыгъуэ щIып хуейуэ къысфIощI. «Ар дауэ?» — жызыIэн куэд щыIэнущ. ИкIи, зэ еплъыгъуэкIэ, пэж хуэдэщ: япэм щыгъуэ роман псо е абы и пычыгъуэ къытридзэу щытамэ, иджы къытебдзэ мыхъужыпура? Къытебдзэнур сыт, щIэуэ литературэм къыхэхъуа прозэмрэ поэзиемрэ тумыдзэмэ? Iуэхур тедзэн-темыдзэныракъым, къыщIытебдзэр тхылъым еджэм къыгурыIуэнырщ нэхъапэр. Сыт ягъэ кIын, псалъэм папщIэ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ тхакIуэмрэ критикымрэ зы журнал къыдэгъэкIыгъуэм щызэIущIэмэ; зы рассказ е зы усэ, усэ гуп къыщытехуэм деж абы фIагъыу хэлъымрэ лъэпкъ литературэм щIэуэ хилъхьэмрэ щызэпкърыха тхыгъэ и гъусэжмэ? Абы щыгъуэм икъукIэ Iуэху щхьэпэу: нэгъуэщIыбзэ поэзием и классикхэр зэбдзэкIмэ, абыкIэ уэ уи къэухьыр здынэсари уи зэфIэкIри къонахуэ, тхылъеджэм дежкIи гухэхъуэщ.

Иджы литературэр нобэ нэхъ зыхуэныкъуэу куэдым къалъытэр критикэращи, абы нэхъ тедгъэчыныхьынщ. Критикэмрэ литературэмрэ зэпэщхьэхуэу щытмэ, уи поэзиери, прозэри, драматургиери гъуазэншэу къэнэным зыри хуэIуакъым. Пэжщ, иджыпсту дыкъызыхураджэр плюрализмэрщ, зы дыгъэм адрей псоми зыдагъэазэу щыщытар блэкIащ. ИтIанэми литературэмрэ цIыхубэмрэ я кум зыри дэтын хуэмейуэ къэвкIыркъым ди зэхъуэкIыныгъэ политикэм. Куэд щIащ критикэр статист къалэным къыщхьэщыпIауэ лъэ быдэ нрамышажьэмэ нэхъ яфIэфIу къыщIэкIынути, мо щIалищыр утыку къинащ я псалъэр зыщIыпIи нэмысауэ.

Журналым и 6-нэ номерым Тхьэгъэзит Юрэ къытригъэдза тхыгъэм губжьрэ хъуэнрэ зэбэкI жэуап къыпадзыжащ. Сэ мыбдежым абы шэщIэуэ сыщытепсэлъыхьыфынкъым, ауэ, зэрысфIэщIымкIэ, губжьым къыхэкIа псалъэкIэ утыку укъихьэныр захуагъэкъым. «Сэ сыарамэ, уэ у-мыращ», — жыпIэу критикым псалъэ жагъуэ ебдэкIэ, литературэми фIы къыхуэпхьыну къыщIэкIынкъым.

«Зым и закъуэ къуаншэ щыIэкъым», — жи: критикри и псалъэхэм нэхъ хуэсакъатэмэ, хьэргъэшыргъэ къэмыхъуу зэфIэкIыну къыщIэкIынт. Ауэ, дыхуэса-

Ди журнал закъуэр

Еджагъэшхуэм Iуэху къеIэт


нэхъ гурыIуэгъуэ хъунут хэт псэ хьэлэлкIэ Iуэхум пэщIэтми, хэт япэм къикIуа гъуэгуанэм тригъэзэу ирикIуэжми. КъэнаIуэнут адыгэ литературэм и образхэр зыгъэбагъуэмрэ ауэ сытми гъунэрыуэу литературэм гуэтымрэ.

Пэжщ, журналыр абы хуэдэ зэфэзэщ пщIы хъупукъым, щIэпщIыни щыIэкъым. Псалъэм папщIэ, хэт и пщэ дилъхьэжыфын КIыщокъуэ Алим и усэ гупым (ахэр 3-нэ номерым итщ), «Иордан хъыбархэм» (6-нэм итщ), хьэмэрэ КIэрашэ Тембот и «Мэхъаджэ» хъыбарым (№ 1) папщIэ зыгъэгъуазэ псалъэ итхыну? Ауэ Нало Заур «Псысэжьей» зыфIища и новеллэ цIыкIухэм щхьэкIэ зы псалъэ гунэс жызыIэн критик щыIарэ абы жиIэну зыхуейр Налом и тхыгъэм гуэдзэжатэмэ, хэт ищIэрэ, куэд лъандэрэ ди литературэм псэ хьэлэлкIэ хэлэжьыхь тхакIуэм и зэфIэкIыр здынэсыр цIыхухэм нэхъ къагурыIуэнт.

ИкъукIэ щхьэпэнут диалогыр Шэрджэсым ис усакIуэ Нэхущ Мухьэмэд и усыгъэхэр къыщытридзэм щыгъуи.

МафIэдз Сэрэбий итха романым и пычыгъуэхэу номериплIым тетым хэзыгъэгъуазэ тэмэм нIэныр Iэмал зимыIэж Iуэхут. Ауэ... сэ жысIэну сыхуейкъым, прозэ отделым и редакторым пщIэншэу и улахуэр игъэкIуэщIу. ИтIани мы зи кIапэ-лъапэ къытехуа романым редактор Iэзэ хьэлэлу зэрыхэмылэжьыхьар нэрылъагъущ. Хэлэжьыхьатэмэ, абы нэмыщIу, езы романыр зэрыщыту зэрыгъэпсамрэ журналым къытрамыдзэу къэна Iыхьэхэмрэ нэхъ мыхъуми, тепсэлъыхьатэмэ, журналым еджэм и гур нэхъ ихьэхунт.

Иджыри зы Iуэхугъуэ, куэдрэ гу лъыдмытэу къанэу, и гугъу щIын хуейуэ солъытэ урыс классикхэр адыгэбзэм къызэрырагъэзагъ щIыкIэм. А 5-нэ номер дыдэм тетщ Уэрэзей Афлик зэридзэкIауэ Лермонтовым и поэмэ «Къарабгъэ» жыхуиIэр. Пэжыр жытIэнщи, адыгэбзэкIэ псалъэ Лермонтовымрэ урыс Лермонтовымрэ я зэхуаку щIыщхуэ дэлъщ. Ауэ адыгэ усакIуэм ищIа мурад дахэр къемыхъулIэххауэ ихужыIэнукъым. Си гугъэщ зэзыщцыт усакIуэ-тэрмэшым дежкIэ нахуэдэ Iуэхухэр



кIэ ди искусствэм щыгъэувын зэрыхуейрэ. Ар къызыгурыIуэжри мащIэкъым. Ди тхакIуэ-усакIуэхэм зырызурэ уепсалъэмэ, критик лъэщ диIэну зи жагъуэ зыри яхэтакъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, дэтхэнэми и гугъэщ тхылъеджэхэм къагурымыIуэу езым хэлъ и Iэзагъыр а критикым къыщIигъэщыну. Ауэ и Iэзагъыр мыхъуу, и хуэмыхуагъыр къышагъэнаIуэм деж критикэр къуаншауэ къыфIэщIрэ «ухь» жиIэу къыщилъри ди нэгу щIэкIащ.

Арауэ къыщIэкIынщ журналри литературэм къылъыкъуэкI гугъуехьхэм шэщIауэ щIытемыпсэлъыхьыфыр.

Къапщтэмэ, 1989 гъэм гум къинэжын хуэдэу «Iуащхьэмахуэм» тетар тхыгъэ зыщыплIщ. Абы ящыщу Бештокъуэ Хьэбас, Пщыгъуэтыж Алий сымэ я тхыгъэхэр (тIум яйри 3-нэ номерым тетащ), Тхьэгъэзит Юрэ и тхыгъитI (2-нэ, 6-нэ номерхэм) къиIуапхъэщ. Мы авторхэм, телъащIэ хэмыту, литературэ Iуэхум ягу зэрыщIэузыр къыуагъащIэу проблемэ къаIэт. Ахэм жаIэм арэзы узытехъуэ хъуни уащIедауэ хъуни халъщ: жаIэ псор жьэмардэу къадэпщтэ хъунуи къышIэкIынкъым.

Ауэ щыхъукIи, зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм и мыхьэнэ къудейм къегъэув псалъэмакъым пыщатэмэ, литературэм и узыншагъэ къыхухэкIыну щытауэ. НэгъуэщI мыхъумэ, губжьи вакIэнащхьэгъи хэмылъу жэуап иратыжкатэмэ, зэрыжаIэщи, псалъэмакъ узыншэ хъунут. Зи Iуэху хэлъхэм псалъэмакъыр къыIурэ, тетлъащIэу жытIэм апхуэдизкIэ гущыкI цIыхум хуащIащи, дыкъышиудмэ, мардэ дымыщIэжу дыкъышеудынэ. Къэхъуари арагъэнщ. Сэ фIыуэ къызгуроIуэ убэныр критикэм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщымытыр. ФIы щыплъагъум деж щытхъуни хуейщ, зы лъэхъэнэ гуэр къызэзынэкIа тхакIуэм и гъуэгуанэм фIыуэ къыщехъулIахэри псалъэ гуапэкIэ жыIэн хуейщ. Зыхуэфащэм щхьэкIэ псалъэ гуапэ ущIыщысхьын щхьэусыгъуэ зэхъуэкIыныгъэ лъэхъэнэми къигъэувыфынукъым. Абы хуэдэ дыдэу къигъэувынукъым зэхъуэкIыныгъэм и хьэтыркIэ уи хабзэмрэ уи нэмысымрэ умылъытэжыну. Ди нэхъыжь дгъэпудынуи дыщIыпылъын щыIэкъым, ди нэхъыщIэр зыгъэгушхуэнури нэхъыжьхэращ. ИтIанэми ди лъэпкъ цIыкIум и литературэр зэрыхъунумрэ и зыужьыкIэмрэ утепсэлъыхьын щыхъукIэ, уи нэкIэ плъагъумрэ къызэрыпщыхъумрэ утекIмэ, уи нэмысыр уи IэкIэ уокъутэж.

Куэдрэ къыдэдгъэжей «зэхъуэкIыныгъэ» псалъэр къыздэзыхьа къэхъугъэр джэгуу тфIэмыщIмэ, ди фIэщ хъупхъэщ абы къиIэта проблемэхэм цIыху цIыкIур зыIууэ Iуэхугъуэ псори къызэрызэщIаубыдэр. Дэгъуэу дыщыгъуазэщ къэхъугъэм ди къэралым ис лъэпкъ куэдым къахуздихьа фIыгъуэхэм. Псом хуэмыдэу цIыхубэр политикэм хэзышэу хэзыгъэгъуазэр литературэм щыщу публицистикэращ. А жанрыр къызэрыдэуеям и хьэкъщ илъэс зыхыбл ипэкIэ закъуэтIакъуэм нэхъ ямыщIыхуу щыта тхакIуэ-публицист куэд нобэ цIыхубей гъуазэ зэрыхъуар. Абы къыхэкIыу убгъуауэ нобэ куэд топсэлъыхь политикэм, экономикэм, культурэм, лъэпкъ зэхущытыкIэм. Гъуэгу пэжыр къыздалъыхъуэм ахэр зодауэ, зоныкъуэкъу, зэгуроIуэж, Iуэху еплъыкIэ зэпэщхьэхуэхэр къагъэунэху.

КIэщIу жыпIэмэ, нобэ публицистикэм и «пщэфIапIэм» бжэуи щхьэгъубжэуи иIэм бахъэр къыщIокIуриикI. хъуныма-бжы н ы м э къыщIех, зэм-зэмкIэ сырымейри къыщыпщIихьэнкIэ хъунущ.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, «Iуащхьэмахуэм» и публицистикэр нэхъ зэбгъэщхьынур пхъэ цIынэ мафIэ зыдэлъ жьэгущ: мафIэ дэлъыр пэжщ, а мафIэми къалэн гуэр зэфIегъэкI, ауэ зэфIигъэкIыр мащIэщ. Пэжыр жытIэнщи, журналым и публицистикэмкIэ къэралым щекIуэкI Iуэхушхуэм ди республикэр зэрыхэувэр кърипщIэркъым, гъуджэм IупщIу къищын хуейр ныбжьу плъагъуу аркъудейщ.

ЦIыхур я фэкIэ зэрызэмыщхьым хуэдэу, ягукIи зэщхькъым, жи, литературэр гуакIуэрыхэхщ. Адрейхэм нэгъуэщI ягу нэхъ ирихьынкIэ зыри хуэIуакъым, ауэ сэ псом нэхърэ нэхъ сигу ехуэбылIащ полковник Нало Асчэрхъан и очерк «ГъащIэ Iыхьэ»-р (№ 5). Илъэс пщIы бжыгъэкIэ гущIэм щигъэва губампIэр, цIыху къызэрымыкIуэм и талантыр, псэ хьэлэлым и къабзагъыр — а псор щызэрихьэлIащ мы очеркым. Шэч хэмылъу, апхуэдэ тхыгъэ къытехуэну щытакъым илъэс зыбжанэ ипэкIэ. Абы хуэдэщ Тэтрокъуэ Астемыр 6-нэ номерым къытридза «МуIэзин и пшынэм къиIуэтэжар» очеркри. Мыри зытеухуар лажьэ ямыIэу зэман бзаджэм Iисраф зэтехъуа унагъуэщ.

Илъэс пщIы бжыгъэ япэкIэ къэхъуа Iуэхухэм нэхъ тригъащIэми, ди зэманым зыкъомкIэ къыподжэж Мамбэт Хьэлым лъэпкъ зэкъуэшыныгъэм тригъэпсыхьа тхыгъэр (№ 3).

Ауэ и пэм щыщIэдзауэ и кIэм нэс нобэ цIыху цIыкIур зыгъэпIейтей Iуэхухэм тегъэчыныхьауэ тепсэлъыхьу щыIэ очеркхэр мащIэ дыдэщ. Апхуэдэщ ещанэ къыдэкIыгъуэм ихуа очеркитIыр: профессор Борей Рауф республикэм и экономикэм зэрызиужьымрэ а зыужьыныгъэм зэраныгъэу къыдэкIуэнкIэ хъунумрэ къехьэкI-нехьэкIыншэу анализ ищIурэ топсэлъыхь, техническэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат Щоджэн Аслъэнбэч нобэрей ди цивилизацэм экологиер щимылъытэм деж къэхъункIэ хъуну лъэпощхьэпохэр къепщытэ, командно-административнэ системэ жыхуэтIэм и хьэкъкIэ природэр зэхъуэнIыныр щыгъэтын хуейуэ къегъэув.

Ар дэгъуэщ. Ауэ мы тIум хуэдэу зэманым пэджэж, узыгъэпIейтей тхыгъэ журнал къыдэкIыгъуэ къэс итмэ, зи Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэтемыхуэ IэщIагъэлI, щIэныгъэлIхэм я зэнтIэIу итмэ, журналыр зэманым нэхъ екIуну сфIощI.

Арац зэ еплъыгъуэкIэ «Iуащхьэмахуэ» журналым щхьэкIэ жысIэну сигу илъар. Ныкъусаныгъэхэм нэхъ тедгъэщIамэ, абы къикIыркъым редколлегием фIыуэ пщIэр дымылъагъуу икIи дымылъытэу. Журналым пыщIа псоми зэрахуэзэфIэкIкIэ ирагъэфIэкIуэну зэрыпылъыр си фIэщ мэхъу. зыпэрыт IэнатIэр зэрымытыншри сощIэ. Ауэ зэхъуэкIыныгъэр лозунгкIэ зэфIэбгъэкIыну уи мыгугъэмэ, увыIэгъуэ уимыIэу Iэмалыщ1э гуэрхэр къэлъыхъуэн, журналым хузэфIэкIын псор къезыхьэжьэн цIыхухэр къешэлIэн, мыдрейуэ абы и активым ялъэкIыну псори къабгъэдэлъхын хуейми шэч къытесхьэркъым. Си гугъэщ абы и лъэныкъуэкIэ хэхъуапIэ щыIэу.

Iуэхум я нэхъ тыншыр пщIэ нэхърэ я нэхъ гугъум нэхъ утепсэлъыхьыну тыншщ. Сэ сытепсэлъыхьа къудейщ. Сызытемыпсэлъыхьу къэнар мащIэкъым, зи гугъу сщIа тIэкIуми и лэрыдж къысхуэгъэзакъым. Нэхъыбэ зыщIэрэ нэхъ куууэ кIуэцIрыплъыфым срищхьэуузыхьщ.

ГЪУТ Iадэм.

Эрзерум къалэм (Тырку Республикэ) щыщ адыгэ къэфакIуэхэр.

БЭЛАГЪЫ Любэ

О, ипыкъуэм деж апхуэдэу къохъу,
Сыт къэхъуам умыщIэу уи пкъыр щIохъу,
Уэ ухуейщ уи анэр къоубзэну,
Ар хущхъуэншэу Iэкiэ къоIэзэну.

О, ипыкъуэм деж апхуэдэу къохъу,
Сыт къэпIэтми, къутэу къыпIэпохъу,
Уи нэр къыщипхъуауэ Iуащхьэмахуэ
Деж укъожэ, къызэбнэкIыу махуэр.

О, гъэхэр зэхэдзыжкъым иджы сэ,
Гъэмахуэм къохъур щIыIэм сфIисиу псэр,
Зыгъэхуэбэжыфыр ар зызакъуэщ —
Iуащхьэмахуэ и уэс щIакIуэ кIапэрщ.

ФIЫЩIЭ

ДыздэвгъэIэпыкъу

Псори дызэрыщыгъуазэщи, нобэ къэралым щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэфIхэм яжь щIихуащ дин Iуэхуми. Иджы дыхуитщ ди дин зетхьэжыну, ди къуажэхэм, къалэхэм мэжджыт щыдухуэну, абы щылэжьэну цIыхухэр еджакIуэ дгъэкIуэну. Ауэ нэхъыбэр къыщынэр ди дежщ — ислъамыр зи фIэщ хъу дэтхэнэри хущIэкъун хуейщ иджыри къэс IэщIыб дагъэщIахэр къыдэхыжа зэрыхъуным. Арыншауи хъунукъым: зыри зи фIэщ мыхъуж, зыми фIэмылIыкIыж ди сабийхэр тфIокIуэд.

Дэ, Аруан къуажэм дэс лIыжьхэм, ди жэрдэмкIэ жылэм дэтщIыхьыну къедгъэжьащ мэжджыт, зэ къекIуэлIэгъуэм цIыхуищэрэ хыщIрэ щIэхуэну. А Iуэхугъуэмкiэ хуабжьу сэбэп къытхуохъу РСФСР-м и цIыхубэ депутат Мэстафэ Владимир. Иму «берычэт бесын» жыдоIэ абы. Ауэ, къэралыр къыщыбдэмыIэпыкъукIэ, зы цIыхукIи, цIыхуитIкIи, зы къуажэкIи, къуажитIкIи зэфIэкIыну Iуэхугъуэкъым ар. Апхуэдэу щыхъукIэ, адыгэхэм игъащIэ лъандэрэ зэрыдихабзэу, мылъку зэхэдзэ тщIыну ди мурадщ. Нобэ Аруаным къыщедгъэжьа мэжджытыр дыздэIэпыкъуурэ дывгъэух.

Дэ къызэрытлъытэмкIэ, къуажэ къэс, къалэ къэс (дауи, абы хуейм) езым мэжджыт иIэжын хуейщ. Ауэ псоми зэгъусэу щIэддзэкIэ дыпэмылъэщу Iуэхур къызэтеувыIэжынкIэ шынагъуэщ. Абы къыхэкIыу чэзу зыдвгъэщIи, муслъымэнхэр дыздэвгъэIэпыкъуурэ, мэжджытхэр дывгъэухуэж, армыхъумэ пщэдей дыщIэзылъхьэжын къудей димыIэжынкIи хъунущ. НобэкIэ дэращ Iуэху къезыхьэжьари, фи щIэгъэкъуэн хуабжьу дыхуэныкъуэщ. АрдыдэмкIэ дэри фыкъытщыгугъыж хъунущ.

Ахъшэ къевгъэхь хъунущ мы хэщIапIэмкIэ: Аруан къуажэ, р/с 10106.

БАХЪУЭ Хьэсэн, ХЬЭКЪУЛ Мудар, АБАЗЭ Исмел, АБАЗЭ Лъостэн, АТАБИЕВ Кажок, КЪАРДЭН Муштэхьид, БЕТЫГЪУЭН Исмэхьил, нэгъуэщIхэри.

СУРЭТЫМ щыфлъагъур Аруан къуажэм щащIыну мэжджытым и сурэтщ.

СЫЖАЖЭ КЪЫЛЪШЫКЪУЭ

Литературэм и тхыдэм щыщ

Ноби нэхъыжьхэм фIыуэ ящIэж гуфIэгъуэ зиIэ унагъуэхэм, «гуп зыгъэгуп гуп и уасэщ» — жыхуаIэм хуэдэу, Зеикъуэ къуажэм дэса лIыжьищыр — Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Щоджэн Iэсхьэд, Къазий Мамышэ сымэ ирагъэблагъэу зэрыщытар. Ахэр лIыхъужь уэрэд, гушыIэ дахэ куэд зыщIэ, зи макъ гурыхьрэ шынэбзэкIэ гуфIэгъуэр нну зыIэтыф, гъащIэм куэд щызэхэзыха, щызылъэгъуа цIыху балигът. Арат ахэр зрагъэблагъа сыт хуэдэ гуфIэгъуэми фэ нэхъ къыщIытеуэр. Абыхэм IэкIуэлъакIуэу къагъэсэбэпырт езыхэм яIэж зыхуей IэмэпсымэхэрL бжьамий, шыкIэпшынэ, пхъэцIыч, нэгъуэщIхэри.

А лIыжь угъурлыхэр къыщацIыхур езыхэр къыщалъхуа къуажэм и закъуэтэкъым, ди лъахэм ис жылагъуэ куэдым нэIусат абыхэм я хъыбар икIи я гуфIэгъуэхэм хагъэтыныр езыхэм я дежкIэ пщIэуэ къалъытэрт.

Дэтхэнэм нэхъри нэхъ сигу къинэжащ Сыжажэ Къылъшыкъуэ. Ар уэрэджыIакIуэ къудейтэкъым, абы ди лъахэм, Хэкум и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм, къэралым къыщыхъу Iуэхугъуэфiхэм теухуа усэ куэд итхырт, уэрэдхэр яхуиусырт, къебжэкIхэр зэхилъхьэрт, гушыIэшхуэ хэлът. А псом нэмыщIыжкIи, ар джэгуагуакIуэ нэст. Искусствэм хэлъхьэныгъэфI хуищIу ар зэрыхэлэжьыхьар пшIэншэу кIуэдакъым. Абы 1939 гъэм къыхуагъэфэщауэ щытащ «Знак Почета» орденыр.

«Кабардинка» къэфакIуэ ансамблым куэдрэ хэтащ Къылъшыкъуэ и къуэ Абдурэхьими.

Нобэми сщыгъупшэжакъым Сыжажэм и къебжэкI дыхьэшхэнхэм ящыщ зы.

Гъатхэ мыхъумыщIэр,
Сымаджэ щIыкIейр,
Пэгун Iэлъэныкъуэр,
Гъатхэ мэкъуипэр,
Шыншэ къэрэгъулыр,
Лым и мащIэгъуэр,
ДжэдыкIэ закъуэр,
Хьэтыкъ ныкъуитIыр,
ЛIы удз къэмыкIыр,
Фыз кIиирейр —
А къомым сыкъеlрэ,
Апрелым симыхьу
Майм сытехьэжтэм,
Къурмэн сщIыжынт.

Зеикъуэ лIыжьхэр гуфIэгъуэм и мызакъуэу нэщхъеигъуэхэми кIуэрт. Гуауэ шIыIэ къызыщIаIуахэм ядэнэщхъеифырт, гъыбзэ, уэрэд хуаусырт, я гузэвэгъуэр нэхъ Iэтыгъуафiэ щащIырт.

ЗэрыжытIащи, Къылъшыкъуэ куэд зылэжьа адыгэлIщ. Си псалъэм пысщэну сыхуейт Сыжажэм Хэку зауэшхуэм екIуэкIам янэкIэ

нусауэ щыта и зы уэрэд теухуауэ. Дунейр мамырт. Хэкум ис, зи ныбжь нэса щIалэхэр дзэм къулыкъу щащIэну ираджэрт. Мейкъуапэ къалэм деж щызэхуэзат а зэманым зэи зэрыцIыхуу щымыта щIалитI. Зыр — Чэтбий Муртэзат — щIалэ къудан лъагъугъуафIэт, Шэджэм Езанэ къуажэм къыщалъхуат, ЕтIуанэр — Унэж Iэдхьэмт — щIалэ лъахъшэ хэщIыхьат — Зеикъуэ къуажэ икIат. КIэщIу жытIэнщи, мы щIалитIым дзэм къулыкъу щызэдащIэрт. ЕкIуэкIат зэманыфIи, мамыр лэжьыгъэмкIэ я гур къеIэрт, я къэшэнхэм къахуэпабгъэрт...

Ауэ Чэтбий Муртэза и натIэм илът щIалэ фызкъэмышэу гуузу дунейм ехыжыну. Псым зыщагъэпскIыну къаутIыпща сэлэтхэм я нэхъыжьу командирым игъэкIуар Муртэзат. Ар и гъусэхэм елъэIуат, псым щысакъынхэу, архъуанэм гъунэгъу зыхуамыщIыну. Ауэ зэлъэIуахэр псэууэ къанэри, езы Муртэза хутыкъуащ, архъуанэм ирихьэри итхьэлащ, сыт хуэдэ дэIэпыкъуныгъэри сэбэп хуэмыхъужу. Муртэза щIалэ дахэт, абы и хьэдэр псым къыхэлындыкIырт жыпIэмэ, ущымыуэн хуэдэт.

Унэж Iэдхьэм хьэдэр къэзышэжахэм яхэтащ икIи гуауэ щIыIэм уэрэд хуаусын хуей щыхъум, Сыжажэ Къылъшыкъуэ и цIэр къриIуэри, Муртэзам и уэрэдыр абы иригъэусауэ щытащ. Мис ар:

Чэтбийхэ фи Iуэхум и пэр,
Щыблэ уэкIэу
къызэрыкъуох.
Къэрахьэлъкъыу
фызэхэзыхым
Муртэза мыгъуэр
яфIэгуузт.
Мейкъуапэ дэт
станцышхуэр,
А махуаем
къызэщIолындэрэ.
Псы архъуанэм
къыхэлындыкIар
Чэтбийхэм фи Муртэзат.
Ныбжьэгъу щIалэхэр
къыпхуогузавэ.
Уя хьэдашхьэм
щыпхуогулэз.
Командирыр
къахоувыкIри,
Уэ тхьэмыщкIэм
къыпхуогузавэ.
Мэчрэилу уи къуэш
нэхъыжьыр,
А махуэм уи хьэдашэт.
Хьэдэ гуузу
къыфхуашэжами,

Шэджэм псыхъуэр и
джэрпэджэжт.
Лъостэхъану и анэ
тхьэмыщкIэр,
ФIыкIэ гугъэурэ блыным
кIэрощIэ.
Хьэдагъэ фызхэр
къыкIэрыщIауэ,
ЗэфIомахэри пIэм
иралъхьэж.
Кулижану мы уи шыпхъу
закъуэм,
Фащэ дахэр уэ
ныпхуелъэщI.
ПэрылъэщIу данэ
бэлътокур
Лъы нэпсым
нырегъыгъэф.
Чэсейфэхуу и
куафэшхунтIыр
Еуэурэ ныпхуегъэуфIыцI.
ДанапцIэу и щхьэц
фIыцIэшхуэр
ДоIэбейри къыпхуречыж.
Муртэзамэ уэ уи
лэгъунэр,
ПщIантIэкум
щыпхухедгъасэт.
Ахърэт лэгъунэу уэ
пхухасари
ЩIыбагъыжьым
щасенжащ.

Мы уэрэдыр Iэдхьэм жиIэжу 1962 гъэм зэхихауэ щытащ Зеикъуэ щыщ, уэрэд куэд зыщIэ икIи фIыуэ зылъагъу Токъмакъ Хьэсэнбий.

Мис апхуэдэу гуащIафIэу, нэхъыжьхэм я гушыIэгъуу, нэхъыщIэхэм я чэнджэщэгъуу, усакIуэ-уэрэджыIакIуэу икIи джэгуакIуэ нэсу щытащ Сыжажэ Къылъшыкъуэ.

ХЪУПСЫРДЖЭН Хьэмидбий.

Зеикъуэ къуажэ.

Ди къуэшхэм я макъ

ДэгумыкъуэIуэрхьэн

СИ ХЭКУ

Сыжейми сыкъэушми,
Къурш щыгум сихьэу
сыкъехыжми,
Сыузыншэу сыщыушн,

Шэ схэлъыр
щысхахыжми,
Адыгэ лъахэ, уэрщ си
плъапIэр,

Уэращ сэ сиIэри
гугъапIэу.
Гу бампIэр игъэтIысу,
Зэхэсхми зы пшыналъэ,

Лъэпкъ псор
щызэбгъэдэсу
Щыслъагъуки зы
жьэгупащхьэ,

Адыгэ лъахэр, нартыжь
хэкур
Ущофiэрафiэ уэ си
пэгум.

Берлин.

МЫЗ Ахьмэд — ПАРОДИЕХЭР

УСЭН АРГУЭРУ ЩІЫЗОДЗЭЖ

«Дыгъуасэ гуэрым сэ тхьэ сІуащ
АфІэкІа усэ сымытхыну».
(АЦКЪАН Р.)

Аргуэру нобэ псалъэ стащ
АфІэкІ сэ усэ сымытхыну,
Зы хьэлъэ гуэр пІэм дэхужащ —
Щхьэ сыхыхьат а бэлыхь иным?
Згъэвар хьэзабу сыт хуэдиз,
СимыІэу жей жэщ дапщэ схьа!
ИнкІутыр хъужкъым зэи из:
Си узыншагъэр езгъэхьащ.
Сигу илъ мурадыр си щхьэгъусэм
СокІуэжри упэм хузоІуатэ,
ЖесІар къабыл имыщІу си псэм
А напІэзыпІэм зыкъетІатэ:
«ЗиІысыр сыт жыпІэ делагъэр?
Тесынур хэт улахуэ гъущэм?
Хьумылъхьэ Іуэхум уэ псыныщІагъэ,
Ар пхуэмыдэн, си алыхь дыщэ.
Щыбгъэту щытмэ усэ тхын,
Тхьэлъапэ сощІ: сыщІэмысын!..».
Сыт сщІэнт, си пэшым сыщІохьэж,
Усэн аргуэру щІызодзэж.

КЪЫХЭСХЫНУР КЪЫСХУЭМЫЩІЭ..

«ИстхъыкІыжащ сатыр пщыкІуз —
Зы стхыжри щІэуэ.
Сызэхуоплъыжри сыщысщ:
НэхъыфІыр сщІэркъым».
(КЪЭЖЭР Хь.).

ТІэкІу сфІэкІыхьти си поэмэр,
Къыдэгъэжым дэдзэжащ.
СетІысылІэщ стІол хъурейми
НэгъуэщІ зы къыщІезгъэдзащ.
Сызэхуоплъыр поэмитІым:
Къыхэсхынур къысхуэмыщІэ.
Япэрейр нэхъ кІыхьщ хуэдитІкІэ —
Гупыкъуэгъуэм сыщымыщІэ.
Япэм стхар зикІ сигу пымыкІ,
ЕтІуанэри аращ.
Ауэ япэм зы къимыкІ,
Мыдрейр къызэхъулІащ.
КъыдэзгъэкІмэ япэрейр
КъыщэкІуэнущ хъушэу ахъшэ,
Сэ трезгъадзэмэ мыдрейр
Гонорарыр хъунущ лъахъшэ.
Ахэр псори зэпэслъытри
ПоэмэщІэр зэфІэстхъащ,
Япэу стхар къэспхъуатэри
Тхылъ тедзапІэмкІэ сыжащ.

ПЩІЭНШЭУ МАХУЭ СЫМЫХЬА

«Семыхъуапсэу, семыжу
Сопль псым дэлъхэм — сигу фІы хъуащ:
Е си адэу, е си къуэшу
Хэт Іуэхуншэу ялъэгъуа?».
(ЕЛГЪЭР К).

Щысхь имыщІэ дыгъэ гуащІэм:
ИлыпщІыж къыпфІощІ дунейр.
ЗэхэзекІуэу плъагъури мащІэщ —
Псоми хуабэм зыщадзей.
Сынос ауэрэ лэжьапІэм,
Къат ещанэм сыдокІуей.
Къызох жыпым къэлэм лъапІэр:
Псэху сэ сщІэну сыхуэмей.
ПовестыщІэр соухыжри
(СимыІа зикІ щхьэкъэІэт)
Сигу зэгъау сыкъыщІокІыжри
Къуажэ псыхъуэмкІэ соунэтІ.
Сымыхъуапсэу, сымыхъущІэу
Сопль псым дэлъхэм — сигу фІы хъуащ:
Дэ, Елгъэрхэ, лъэпкъым тщыщу
Хэт псым дэлъу ялъэгъуа?
Сэ сыкъапщтэмэ, си гъащІэм
ПщІэншэу махуэ сымыхьа,
Хъунут ар фи фІэщ фэ занщІэу
Тхылъ тыкуэнхэм фыщІыхьам.

Зэремэ-нэхъурей, куэдрэ умыхъущІэрей.
Сурэтыр ПЕТИКОВ Игорь трихащ.

Мы усэ цІыкІухэр зытхар усакІуэкъым, атІэ адыгэбзэр фІыуэ зылъагъу, абы хэзыщІыкІ къуажэдэс лэжьакІуэщ. Иджыблагъэ ар редакцэм къыщІыхьащ усэ гупыфІ иІыгъыу икІи «феплъ» жиІэри къытхуигъэнащ. Дэ деплъащ. Иджы фэ феплъ. Феджэ Ерокъуэ щыщ АфІэунэ Хъузбер сабийхэм яхуитха усэхэм.

АфІэунэ Хъузбер

МУРАДИНРЭ «НАТІЭХУРЭ»

Гъатхэр щІыІэт, уэси телът,
Ди шкІэ цІыкІур къыщалъхуам.
Махуэм тІощІрэ абы сеплът
Ар иІыщІэнут сэрмыхъуам!

Си джэдыгур шкІэм теспІащ —
Сыхуэныкъуэкъым джэдыгу:
Къыдожыхьри, сыпщІэнтІащ,
Си гум жеІэр «дыгу-дыгу-дыгу!».

ШкІащІэр вынду фІыщІэ цІыкІуущ,
Вагъуэ хужь и натІэм исщ,
ЦІэ фІэзмыщмэ сфІэемыкІуущ —
Хъуащ ар ди унагъуэм щыщ!

Сэ фІэсщащ абы «НатІэху».
И цІэм псыныщІэу езгъэсащ —
Дапщэри «НатІэху» жысІэху,
Ар шэ хуабэ езгъэфащ!

«НатІэху» фІыуэ сыкъелъагъу!
ФІэфІт жиІэну: «Му-ра-дин...»,
«Му» щІыжиІэр нэрылъагъущ:
Къызэджэнщ, зэрыхъуу ин!

ЧЫЦІ МЫДАІУЭ

Ди бжэныжьым дахэ дыдэу
ЧыцІ цІыкІуитІ къилъхуащ!
Згъэхъуэкlуэну, ахэр ныджэм
Нобэ сэ дэсхуащ.

Гъатхэр пасэщ, удзхэр цІыкІуща
Ямыгъуэт яшхын...
ЩІэтщ жыг щІагъым, пасэрыкІыщи,
Шыпсыранэ ин...
Зы чыцІ цІыкІур шыпсыранэм,

ГуфІэу, ежэлІащ:
ЕмыдаІуэу жиІэм анэм,
ПсыныщІэу едзэкъащ.
ШыпсыранэрикІ чыцІ цІыкІум
ФІыуэ «къепІэстхъащ»!
...КъыщыщІынур, умыдаІуэм,
Делэ цІыкІу, аращ!

Хъыбар кІэщІхэм я дапхъэ

ГУМАЩІЭ

— Къуажэм сокІуэж сэ, — жиІащ Исуф, лэжьыгъэ нэужьым зитхьэщІщ, тІэкІу зэІурыури, и псалъэм упщІи хъыбар егъащІи щІэмылъу.

— СлІо къэхъуар аргуэру? — щІэупщІащ Нини зэрихабзэу, губжь гъэщІэгъуэныгъи и макъым къыхэмыщу. ТІури зэсэжа Іуэхут — къызыхихар умыщІэу Исуф апхуэдэу къуажэм кІуэжрейт — лІэщІыгъуэ плІанэ дэкІагъэнщ къуажэм къызэрыдэкІри, жылэ цІыхум ещхьу уни хади щиІэкъым, и анэм кърита лэгъунэ закъуэрт бгъэдэлъри, щІэлъри щІыгъуу и къуэшым иритыжащ. Ауэ мис мыпхуэдэу къыхэхъыжьэнщи джэдэжынщ, нэсыжакъэ иджы щыжыпІэкІи, и шыкІэ мафІэ егъэуауэ къэсыжынщ, и Іупэ зэтемыхьэжу гуфІэу.

Гугъуехь мащІэ абы дишэчакъым Нинэ. ЗдэкІуэри щІэкІуэри къыбжимыІэу лІыр цыдэкІкІэ, ари мызэ-мытІэу, атІэ махуэ къэс жыхуаІэм хуэдэу, уигу фІы щыщІэн, мащІэм псэр хуэпхъэрын: псалъэмакъ Іэджэ къиІэтыитэкъэ, и жыпхэр къищыитэкъэ, жылэм щыщІэупщІэнтэкъэ? Хьэблэм дэсми зы жьэу жаІэрт къыдыхьэжу ялъэгъуауэ, и жыпым къикІри къуажэм зэрыкІуэжа апэсы гъуэгупщІэ уасэм и билетырт... НэгъуэщІи дэнэ къикІынт кІэпІейкІэ къэмынэу унэм къыщрихьэлІэкІэ? ИтІани Нинэ и гур Іэджэм жэрти, лІыр шыгъушыпсыпІэм хигъэкІыртэкъым. ГъэщІэгъуэнракъэ, Исуф тхьэмахуэ хуэдэкІэ зэпигъэуми, псалъэмакъым щхьэкІэ къимыгъапэу къеублэж...

...Исуф бжэр здыхунщІщ, гъэбыдарэ Іухауэ къэнарэ еплъыжри, автобус къэувыІэпІэм лъэ псыныщІэкІэ нуназдэкІа къыпфІэмыщІыну. Ар автобусым и кІэмкІэ итІысІэу гъуэгу теуващ, зэми щхьэукъуэ щІыкІэу и напІэхэр зэтридзэу, иныкъуэкІи и напІэ фІызэтехьэр зэтричрэ щхьэхыиэ-щхьэхыиэу илъагъушхуи щымыІэу щхьэгъубжэм дэплъэу. Езы Исуф дыдэм тхьэрыІуэкІэ уеупщІами къыбжиІэфынукъым щІэкІуэжыр, «сокІуэжри сокІуэж» жиІэн мыхъумэ. Хэбгъэзыхьмэ, къуажэм щыкІуэжкІэ щІэкІуэжым и щхьэусыгъуэ гуэрхэр къызэригъуэтыным нужь итт. «Вэсмахуи сыкІуэжащ, сыт щхьэусыгъуэ сщІын?» зэупщІыжкырт ар, зэми зыгуэрхэр къигъуэтырт, ауэ нэхъыбапІэм, мис, ноби хуэдэу, щхьэусыгъуэбжьэусыгъуи имыІэу мэкІуэжри, щалъхуа пщІантІэжьым дохьэж.

Гурэ гурэ лъагъуэ зэхуаІэщ, жи. Исуф и къэкІуэжыгъуэр псэкІэ къещІэ и анэми, ари пщІантІэм дэмызэгъэжу дохьэ-докІ, автобус къэувыІэпІэм Іэдакъэжьауэ ищІурэ дэплъеирей мэхъу. Унагъуэм къыщаІэта шхын щІэщыгъуэ иримыхьэлІэжуи къанэркъым — зэми джэд бгъэлэгубэр бжьыныху шыпс щыхуауэ хуигъэтІылъынщ, дэлэнигъэжьами, хиныкъым, езым игу къихьауэ къиІэта нэшкаф щхьэгуэ цІыкІум худигъэувэнщ. Нысэми ар ецІэри нэхъыбэм гуащэм ипэ зыкърегъэщ:

— Мамэ, тхъурыжь тІэкІу Нэху хуэдгъэтІылъын? Къыдыхьэжыну иІэрэ мыгъу щІыкІэ? — Анэм и щІасэщ ар и пщыкъуэм «НэхукІэ» зэреджэри, «къакІуэмэ» жимыІэу «къыдыхьэжмэ» зэрыжиІэри.

Мис ноби куэбжэпэм трапщІыхьа тетІысхьэпІэм къытеанэжа Кутэ и нитІыр тенат автобус къэувыІэм къикІым, аршхьэкІэ Исуф яхилъагъуэртэкъым. Ауэрэ дэкІ дыхьэурэ жэм къыдыхьэжыгъуэ нэблэгъащ жыпІэну лэжьакІуэ къикІыжхэм яхилъэгъуащ и къуэ курытыр.

Анэр лъэбакъуэ зытхухкІэ къуэм пежьащ.

— Нобэ псом сыноплъэ, сту къэмысыжрэ жызоІэри. Дауэ фыщытхэ?

— Хъарзынэщ.

— Хъыджэбз цІыкІухэр къекІуэлІэжа?

— Ы-ы.

— Хъыджэбзым и Іуэхур Іуэхушхуэщ. ТІэкІу фыхуэсакъ, тІасэ. Дахэ яжефІэ. ДахэкІэ къыдэфхьэхи, щІэмыкІыу щІэсынхэщ, тхьэ. Дахэм уимыгъэщІэн щыІэкъым...

Апхуэдэу зэпсалъэурэ пщІантІэм дохьэжхэр. Исуф хадэмкІэ егъазэ, Кутэ пщэфІапІэм щІохьэри, хьэкъущыкъухэр игъэІэуэлъауэу щІедзэ — куэд-мащІэми зыгуэр иримыгъэшхыу, дауи, щІалэр дигъэкІыжыфынукъым.

Исуфи хадэр щІэщыкІ, мэкъуэщым йохьэ, пхъэ къутэпІэмрэ фІамыщІ гъэтІылъыпІэмрэ маплъэри пщэфІапІэм къегъэзэж. Анэм къигъэува Іэнэм мэтІысри тІэкІу зэІуроу.

— Дэнэ щыІэ унэм щІэсхэр?

— Уи къуэшымрэ нысащІэмрэ лэжьапІэм къэтщ, сабийхэр я анэшым щыІэщ, — жи Кутэ, — си закъуэпщІищ, нобэ псом сыдолІыхь.

Анэр и Іэгуитlыр и куафэм теукъуэдияуэ гъуэлъыпІэм исщ. Исуф абы и бгъукІэ къыщыт шэнт лъахъшэ цІыкІум тесщи, мащІэу мэкІуатэри и щхьэр анэ куэщІым ирелъхьэ. Кутэ къоІэбэри абы и щхьэр нэхъ тыншу егъэтІылъ икІи и щхьэцым хэпэщэщыхьу щІедзэ.

— Сыт щыхъыбар къуажэм, хьэблэм? — щІоупщІэ Исуфи анэІэ щабэ къытелъэщІыхьым и гур мае къищІауэ и нэхэр зэтрепІэ, абы и кІэпхыным къыкІэрих мэ зэмылІэужьыгъуэр игу щызу жьэдишэу.

— Сыт щыхъыбарын? Гузэвэгъуэ дэлъкъым, тхьэм и шыкуркІэ... НытІэ, на, а, сигу къэкІыжыртэкъыми, дыгъуасэ Хьэмид и жэмыр лъхуащ. Хьэцацэ и джэд къомыр зэтелІа уфІэщІыркъэ, емынэ узыр къыхыхьэри... Ауэ сытми джэд иІэтэкъым Хьэцацэ, гуэгушыхъум хуэдэхэт.

Исуф щыму йодаІуэ анэм жиІэм, и псалъэр зэпимыуду, зэзэмызи и гупсысэр тещхьэрыукІрэ жиІэр щызэхимыхи къэхъуу.

— Тхьэмахуэ къакІуэ Хьэнащхъуэ мыгъуэм и илъэс сэдакъэр ящІынущ, укърихьэлІэжатэмэ арт, тхьэмыщкІэм фІыуэ укъилъагъуу щытащ. Алыхь Замир и пхъур яшащи нэчыхьыт уагъэкІуэну къыщІэкІынмэ...

Исуф екІи фІыкІи псалъэ пидзыркъым, анэри есэжащи, къуэр зэрыпсэлъэгъуейм гу лъимытэ хуэдэщ. Ауэ абы и щхьэфэм ирижэ ІэпхъуамбэхэмкІэ, и щІыфэ псомкІэ зыхещІэ ар гупсэхуу къызэредаІуэри, хьэблэми жылэми хъыбару дэлъыр хуеІуатэ, абы щыгъуэми щІалэм и щхьэр къызэретхъухам игу ироныкъуэ «Жэп телъми ярен,—йогупсыс ар. — Сыт мыпхуэдизу зыгъэтхъуар? Лэжьыгъэра, унагъуэра? Нысэр цІыху Іей хуэмыдэ, ауэ тэмакъкІэщІыІуэщ, зэуэ къигъэзэж пэтми. Зэ сигу укъеуа нэужь, ухуейми къомыгъэзэж сылІэху...». Йогупсыс.

Ипапэ зэхэуэгъуэм ныщыблагъэкІэ, Исуф и щхьэр и анэ куэщІым кърехыжри дрежьенж.

— СыкІуэжынущ. Зэ сакъыхэплъэнщ жысІэри...

— НытІэ, хъарзынэкъэ, алыхь пэху зэрыщрэ сынаплъэртэмэ, — щыму заулкІэ и къуэм и нэгу йоплъэри: — Дауэ фыпсэурэ, Исуф? — жиІэу аргуэру къоупщІ.

— Хъарзынэу, — жеІэ Исуф. Ар анэм и фІэщ хъуркъым, ауэ...

— Алыхьым и шыкурщ, хъарзынэмэ, аракъэ фІыр. Ныжэбэ уцымыІэнумэ, зумыгъэгувэ-тІэ. Исуф къызэфІоувэж. Хьэлъэ гуэр и пІэм дэлъауэ и анэм дихам ещхьу и Іэпкълъэпкъыр псыныщІэ хъуауэ ар пщІантІэм докІыж. Уэрам дэкІым щыкъуухьэжкІэ къызэплъэкІмэ, и анэр куэбжэпэм тетщ, и Іитlыр и блэгущІэм щІэлъу, къыкІэлъыплъу. ГумащІэ къэхъуауэ Исуф автобус къэувыІэпІэмкІэ макІуэ, зищІысыр езы дыдэм имыщІэ гуэрым щыгуфІыкІыу...

МЭРДЖЭН Б.

Общественнэ редколлегием хэтхэм ягъэхьэзыращ.

Ч 00608